ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№201 (23.609) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум щытопсэлъыхь

● Егъэджэныгъэ



Емуз Нинэрэ Бозий Натбийрэ.

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм жэпуэгъуэм и 16-м щригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №599-м, «Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм къэрал политикэр щыпхыгъэкIыным теухуауэ» жыхуиIэм, щыубзыхуахэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъ, ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ.**

КъБР-м И КЪЭРАЛ чэнджэщэгъу Бозий Натбий, ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым щыщхэр хэту екIуэкIа зэхуэсым зыщыхэплъар зы Iуэхущ - УФ-м и Президентым «Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм къэрал политикэр щыпхыгъэкIыным теухуауэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №599-р ди деж зэрыщагъэзащIэ щIыкIэр наIуэ къэщIыныргщ.

Зэхуэсыр зытеухуа Iуэху нэхъыщхьэхэр зэпкърызыхынухэр къэпсэлъэн и пэ къихуэу, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым къыхигъэщащ зи гугъу ящI указхэр гъэзэщIэнымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэрагъэхьар, абы щыхьэт техъуэ бжыгъэхэри къихьащ, апхуэдэу щытми, къызэхуэсахэм гулъытэ зыхуащIын хуей гугъуехьхэри къигъэнэIуащ. «2016 гъэм ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэсищ ирикъуахэм къыщыщIэдзауэ илъэсибл хъу сабийхэр садхэмкIэ проценти 100-кIэ къызэгъэпэщыным и гугъу пщIымэ, дэ абы и лъэныкъуэкIэ лъэбакъуэфIхэр тчащ икIи а къалэныр дгъэзэщIащ. Ауэ дэ дощIэ Iуэхур зэбгъэхъулIэкIэ зэрызэфIэмыкIыр, Май указхэр щыдгъэзащIэм дыздынэса лъагапIэхэм зыщытIыгъыфыни хуейщ», - къыхигъэщхьэхукIащ Емуз Нинэ.

Зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм зэкIэ нэмысахэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэрэ, 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ республикэм сабий 1240-рэ зэкIуэлIэну IуэхущIапIэщIэу 9 щаухуащ, сабийхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэ 82-р сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэу зэрагъэпэщыжащ. Абы и фIыгъэкIэ иджыри сабий 3385-м Iэмал яIэ хъуащ абыхэм яхухэха IуэхущIапIэхэм кIуэнымкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм школ кIуэгъуэ ныбжьым иджыри нэмысауэ щыпсэу сабий 8992-м щадэлэжьэн IуэхущIапIэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ.

Республикэм яужь щитщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щIэныгъэ етыным пыщIа Iэмалхэм къыхэгъэхъуэнымкIэ хэкIыпIэщIэхэр къэгъуэтыным икIи абы и лъэныкъуэкIэ IэмалыфIу къалъытэу къагъэсэбэп IэнатIэм къэрал-уней зэдэлэжьэкIэм зыщегъэужьыныр. Мы зэманым республикэм щолажьэ къэралым ейуэ щымыт апхуэдэ IуэхущIапIиплI, абыхэм зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмыса сабий 245-м щадолажьэ. Уней-къэрал зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыным хыхьэу 2017 гъэм яухыну я мурадщ Прохладнэ къалэ округым цIыху 80 щIэхуэну щащI сабий садыр. Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Мир жылэм ухуэн щыщIадзащ сабий 50-м яхухэха уней сабий сад. Апхуэдэуи сабий 60 зыщIэхуэну уней сад къыщызэIуахыну я мурадщ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и Тырныауз къалэм. Абы теухуауэ къыщыпсалъэм, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Пащты Аслъэн** щыгуфIыкIыу къыхигъэщащ Президентым и Указым къыщигъэува къалэныр - зи ныбжьыр илъэсищ ирикъуахэм къыщыщIэдзауэ илъэсибл хъу сабийхэр садхэмкIэ проценти 100-кIэ къызэгъэпэщыныр - Налшык къалэ округым къанэ щымыIэу зэрыщагъэзэщIар.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

● Фестиваль



Вуйчич Ник

## УнэтIыныгъэ куэд къызэщIаубыдэ

**ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалым дыгъуасэ еблэгъащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ, мы зэхыхьэм ди къэралым щиIэ къызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщI Кириенкэ Сергей. Ар еплъащ къуэкIыпIэ къэралхэм я спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэм.**

КИРИЕНКЭ Сергей хуабжьу дахьэх къуэкIыпIэ къэралхэм я спорт лIэужьыгъуэхэм. Абы фIэгъэщIэгъуэнащ каратэмкIэ, ушумкIэ, айкидомкIэ екIуэкIа зэпеуэхэр.

Политикым гулъытэ щхьэхуэ хуищIащ ди къэралым сумомкIэ и бэнакIуэхэм. Япэу утыку къихьа сумоистхэм а бэнэкIэм и щхьэхуэныгъэхэр къызыхэщ Iэмал зыбжанэ ягъэлъэгъуащ, иужькIэ я хьэрхуэрэгъухэм япеуащ.

УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм спортсменхэм я зэфIэкIым хуищI пщIэр къигъэлъагъуэу, дэтхэнэми сэлам ирихри, фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ. Абы къищынэмыщIауэ, щIалэгъуалэр хуабжьу яфIэгъуэщIэгъуэну щIэсащ дуней псом щыцIэрыIуэ тхакIуэ, философ Вуйчич Ник «ГъащIэм утезыгъэгушхуэ» фIэщыгъэм щIэту иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Зи Iэ, зи лъэ зыпымытыж щIалэм и къэпсэлъэныгъэр гъащIэм гу зэрыхуищIыжам, гугъуехьым ущымышынэу упсэун зэрыхуейм, сыт хуэдэ Iуэхуми хэкIыпIэ зэриIэм, нэгъуэщI куэдми теухуауэ щытащ. Дунейм зы цIыхум насыпыфIэу зыкъыщилъытэжмэ, Ник етIуанэщ - абы и Iэпкълъэпкъым иIэ ныкъусаныгъэхэр гъащIэм лъэпощхьэпо къыщыпхуэхъуу къилъытэркъым. Вуйчич Ник гупсысэ куу зыщIэлъ и тхылъхэмрэ къэпсэлъэныгъэхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ, псэуну хуэмеиж куэдым гъащIэм и IэфIыр зыхезыгъэщIэжыфа цIыхущ ар. НыбжьыщIэхэм упщIэ куэдкIэ зыхуагъэзащ Вуйчич, дэтхэнэми гулъытэ зэрыхуищIыным езыри хущIэкъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалыр жэпуэгъуэм и 14 - 22-хэм Сочэ къалэ щокIуэкI. Абы хэтщ къэрали 180-м къикIа ныбжьыщIэхэр. Урысей Федерацэм щыщу цIыху мин 12-м щIигъу фестивалым щыIэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



● Дыгъуасэ

## Псалъэмакъ щхьэпэ



**УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Рухуллаевэ Ольгэрэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимиррэ дыгъуасэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Аристов Станислав, УФ-м и Правительствэм деж щыIэ, ФинансхэмкIэ университетым къэрал зэхуаку туризмэмкIэ, спортымрэ хьэщIэщ бизнесымкIэ и факультетым и деканым и къуэдзэ Щегольков Юрий, щIыналъэм и зэхэлъыкIэр джынымкIэ картограф Iэзэ Макаревич Евгений, республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и къудамэ псоми я унафэщIхэр, зыгъэпсэхупIэхэм, хьэщIэщхэм ящыщу зэфIэкI лъагэ къэзыгъэлъагъуэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.**

ЗЭХЫХЬЭМ щыхэплъащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ, цIыхухэм зыщагъэпсэхун, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ щызрагъэхъулIэхэмрэ абы ехьэлIауэ ди республикэм и зэфIэкIыр зыхуэдизымрэ.

- Сыт хуэдэ щIыналъэри къэтщтэнщи, зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын мурадкIэ кIуэхэр япэ дыдэу зэплъыр къыщыхута щIыпIэм и дахагъэрщ, щIыуэпсым и къабзагъэрщ, щыпсэу цIыхухэр къазэрыхущытырщ, хьэщIэщхэм къыщыхуагъэлъагъуэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъырщ, - щыжиIащ и пэублэ псалъэм Щегольков Юрий. - Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, гъуэгу екIуэлIапIэхэмкIэ фыкъызэгъэпэщауэ жыпIэ хъунущ. Кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэ щхьэхуэ фызэриIэм нэмыщI, Минеральные Воды, Беслъэн къалэхэм я аэропортхэри фи гъунэгъущ, гъущI гъуэгу станцкIи фыкъызэгъэпэщащ, «Кавказ» федеральнэ трассэшхуэри фи щIыналъэм пхрокI. Республикэр зэрыгушхуэ хъуну IуэхугъуэфIхэм ящыщщ мы щIыпIэм альпинизмэм дяпэкIэ нэхъри зыщебгъэужь зэрыхъунури. КъимыдэкIэ, совет лъэхъэнэми хуэдэу, ноби «Налшык» курортыр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щеIэзэнымкIэ зэфIэкIыфIхэр къызыкъуэзыхщ.

ХьэщIэм и пэщIэдзэ псалъэм пэджэжу, къызэхуэсахэр Iуэхугъуэ зыбжанэм я «щхьэфэ иIэбащ».

- Республикэм къакIуэ зыгъэпсэхуакIуэхэр иужьрей зэманым нэхъ дэзыхьэх щIыпIэхэм ящыщщ (зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, и мыхьэнэкIэ): Iуащхьэмахуэ лъапэ, «Налшык» курортыр, Балъкъ и псыхъуащхьэхэм щыIэ псы хущхъуэхэр, Безенги къуажэм и Iэшэлъашэхэр, Шэджэм псыкъелъэхэр, «Шэджэм Ипщэ» зыфIаща археологие-турист комплексыр, нэгъуэщIхэри, - щыжиIащ и псалъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр ЩоджэнцIыкIу Мурат.

Уэгу транспортым и лэжьыгъэр зэрыщызэтеухуам, зэман пыухыкIам къриубыдэу ди деж къыщетIысэхыфыну кхъухьлъатэхэр зыхуэдизым республикэм къакIуэ зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэр зыкъомкIэ зэрелъытам и гугъу ищIащ «Налшык» къэрал зэхуаку аэропортым и унафэщIым и къуэдзэ Шыбзыхъуэ Хьэсэнбий.

- Ди зэфIэкIым зэрыхэдгъэхъуэным зэпымыууэ яужь дитщ. ГъуэгуанэщIэхэр уэгум зэрыпхытшыным догугъу. ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, илъэсым къриубыдэу цIыху мин 400-м нэблагъэ ди аэропортым щытхузэблэгъэкIынущ. Ар нэхъыбэ дыдэущ. АдэкIэ дызэрыкIуэтэн Iэмал гуэри диIэу мызыгъуэгукIэ тлъагъуркъым. Къалэбгъум дызэрыщыIэм, псэупIэ унэхэм дазэрыпэгъунэгъум ди зэфIэкIым хыдигъэгъахъуэркъым. ИтIани, апхуэдэу зэрыщыту, адрей ди гъунэгъу аэропортхэм дапеуэф дыхъуащ, ди лэжьыгъэм фIагъ и лъэныкъуэкIэ зэрыседгъэIэтам къыхэкIыу, - къыхигъэщхьэхукIащ Шыбзыхъуэ Хьэсэнбий.

Зэхыхьэм и гугъу щащIащ республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм, хьэщIэщхэм къекIуалIэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэу щыхуагъэзащIэхэр зэрыщегъэфIэкIуапхъэми.

- ХьэщIэщыр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным яужь дызэритым хуэдэ дыдэу, дэ сыт и лъэныкъуэкIи долIалIэ ди деж щылажьэхэм, щхьэж зыбгъэдэт IэнатIэм теухуауэ, я щIэныгъэм, я Iэзагъэм зэрыхэдгъэхъуэнми. Iуэху зехьэкIэщIэм хуэхьэзыр цIыхухэр диIэн зэрыхуейм шэч къызэрытедмыхьэм и щыхьэту, дэ пыщIэныгъэ яхудиIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым менеджментымрэ туризмэмкIэ и факультетым щезыгъаджэхэми, - жиIащ «Гранд Кавказ» хьэщIэщым и унафэщI Бабыгуей Ларисэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщхьэхукIащ зи гугъу ящI Iуэхугъуэхэр зэрыщытым хуэдэ дыдэу, къэхьэкI-нехьэкI хэмыту, къагъэлъагъуэмэ зэрынэхъыфIыри.

- СызэреплъымкIэ, нэхъыбэу дызыдэлэжьэн хуейри, дызэпсэлъапхъэхэри езы хьэщIэщхэм я унафэщIхэращ, - къыхигъэщхьэхукIащ «ЗыплъыхьакIуэ турист компание» ООО-м и унафэщI Дзыгъул Владислав. - Абыхэм я нэхъыбэм лэжьакIуэу къащтэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, езыхэм я благъэ защIэщ. IэпэдэгъэлэлыгъэкIуэ щызекIуэ мыхъуну IэнатIэм щыгъэлэжьэн хуейр жэуаплыныгъэ нэс къэзыгъэлъагъуэ цIыхухэрщ. Апхуэдэ зэкIэлъымыкIуагъэ здэщыIэ хьэщIэщхэр зэрыдиIэми и зэран къыдэкIынкIэ хъунущ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм щIыналъэм турист нэхъыбэ къыдихьэхынымкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьэкIэми мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхагъэщащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● КъБР-м и Правительствэм

## Туристу къытхуэкIуэхэр нэхъыбэ щIыным хуаунэтI

**УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Рухуллаевэ Ольгэрэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимиррэ дыгъуасэ ирагъэкIуэкIа къыкIэлъыкIуэ зэхыхьэм щыхэплъащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэр турист кIуапIэ нэхъри щIыным хуэунэтIауэ транспорт зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыщагъэсэбэпымрэ хэкIыпIэщIэу къыхалъхьэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КИФЩI-м хыхьэ хэгъэгухэм я министерствэ зыбжанэм, къаIэта Iуэхум къегъэщIылIахэм, я тхьэмадэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и Iэтащхьэ Къудей Арсен, республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр ЩоджэнцIыкIу Мурат, КъБР-м и зыгъэпсэхупIэ, и хьэщIэщ нэхъ инхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм нэхъ убгъуауэ дыщытепсэлъыхьынущ.

**ХЬЭТУ СулътIан.**



## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 19, *махуэку***

♦**Кредит зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Лицейм щеджэхэм я урысейпсо махуэщ**
♦**Къэзахъстаным къегъэлакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ**
♦**Молдовэм и юристым я махуэщ**
♦**1097 гъэм** Мономах Владимир Урысейр пщыгъуэ-пщыгъуэу гуэшыныр къыхилъхьэри, абы арэзы дэхъуащ къэралым и пщышхуэхэм я советыр.
♦**1812 гъэм** Бонапарт Наполеон и дзэр ихъумэн мурадкIэ Москва дэкIыжащ.
♦**1872 гъэм** Австралием къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ дыщэ кIанэр. Абы килограмм 214-рэ грамм 32-рэ и хьэлъагът.
♦**1879 гъэм** Америкэм щыщ электротехник Эдисон Томас ищIа уэздыгъэ лампIыр зищIысыр цIыхухэм ярigъэлъэгъуащ.
♦**1941 гъэм** Москва щытыкIэ къызэрымыкIуэ щагъэуващ, къалэм нэмыцэдзэхэр гъунэгъу къызэрыхуэхъум къыхэкIыу.
♦**1943 гъэм** Америкэм щыщ щIэныгъэлI Ваксман Зельман и лабораторэм стрептомицин антибиотикыр щызэхалъхьащ.
♦**1960 гъэм** США-м и правительствэм унафэ къищтащ Кубэм сату дэмыщIыным, абы экономикэ блокадэ ещIылIэным теухуауэ.
♦**1985 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ и къулыкъум текIащ.
♦РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Болотовэ Жаннэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Мексикэм щыщ актрисэ, уэрэджыIакIуэ, ди телевизореплъхэми фIыуэ яцIыху **Кастрэ Вероникэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ боксёр цIэрыIуэ, дунейм и чемпион мызэ-мытIэу хъуа, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа **Холифилд Эвандер** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу. Ар дуней псом цIэрыIуэ зэрыщыхъуахэм ящыщщ 1997 гъэм къыщыщIауэ щытари - зэзауэу рингым здитым, абы и тхьэкIумэм щыщ гуишхыкIат Тайсон Майк.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 20, *мэрем***

♦**Статистикэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**
♦**ПщафIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Дзэ связистым и махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ (псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ)**
♦**Сербием щагъэлъапIэ Белград къалэр хуит къыщащIыжа махуэр**. 1944 гъэм советыдзэхэмрэ Югославием и партизанхэмрэ Белград къалэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦**1714 гъэм** Пётр Езанэм мывэм къыхэщIыкIа унэхэр Урысейм щемыгъэухуэным теухуа унафэ къыдигъэкIащ. Мывэ унэхэр щащIыну пащтыхьым хуит ищIыр, уеблэмэ зыхуигъэувар Санкт-Петербург и закъуэт. Урысейм и щIыпIэ куэдым щыщ мывэщIэхэр, лэжьапIэншэу къэна нэужь, къалащхьэщIэм зэрыхьу ар нэхъ екIу, нэгъуэщI къэралхэм я щыхьэрхэм зыкIи къакIэрымыху абыхэм ярыгъэщIынырт Пётр Езанэм ищIа унафэм и мурад нэхъыщхьэр.
♦**1880 гъэм** Москва циркыр къызэIуахащ.
♦**1930 гъэм** РСФСР-м щыщ Красноярск крайм хыхьэу къызэрагъэпэщащ Хакас автономнэ социалист областыр. Иджыпсту УФ-м хыхьэ Хакасие Республикэщ.
♦**1938 гъэм** Приморскэ, Хабаровскэ крайхэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1956 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ «ЩIыщIэхэр къызэраIэтам папщIэ» медалыр гъэувыным теухуауэ.
♦**1970 гъэм** «Спортлото» лотереем и япэ гъэджэгугъуэр екIуэкIащ.
♦**2000 гъэм** Шэджэм къуажэр къалэ хъуащ.
♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Гъэзалий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, егъэджакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Урысей тележурналист, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Соловьев Владимир** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекIужь Заретэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэI:**

**Махуэ къэси щыблэ уэркъым.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

## Фэеплъ ягъэувынущ

**XX лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм къэралым щызэрахьа залымыгъэм и лей зытехьахэм я фэеплъ Былым щагъэувыну зэгурыIуащ а къуажэм и нэхъыжьхэм я Советым хэтхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ.**

ЖЭРДЭМЫР къыхэзылъхьа, нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Ахматов Хьэмзэт дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, фэеплъыр 2018 гъэм ягъэувынущ икIи абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр яубзыхуа пIалъэм фIимышу яухыным яужь итынущ.

Мы Iуэхум ехьэлIауэ къызэрагъэпэща комиссэм хэтхэм пщэрылъ щащIащ а лъэхъэнэм лей зытехьауэ щыта жылэдэсхэр къанэ щымыIэу ягъэбелджылыуэ я цIэ-унэцIэхэр ятхыну. Абыхэм къагъэсэбэпынущ ди республикэм и «Фэеплъ тхылъыр», къэрал, унагъуэ архивхэм щахъума дэфтэрхэр.

Мыпхуэдэ фэеплъ къыщызэIуахауэ ди республикэм итынур Былымым и закъуэщ икIи абы текIуэдэну мылъкур жылэдэсхэм зэхуахьэсынущ. Фэеплъым текIуэдэнур зыхуэдизымрэ абы елэжьынумрэ зэкIэ ягъэбелджылауэ щыткъым.

**ПОЛЯКОВ Пётр.**



# Унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум щытопсэлъыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап,).

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №599-м и 1-нэ пунктым и «в» пункт къуэдзэм и 4-нэ абзацым, «илъэси 5-м къыщыщIэдзауэ илъэс 18 ныбжьым къриубыдэхэу программэ хэхахэмкIэ щIэныгъэ гуэдзэ зратхэм я бжыгъэр 2020 гъэм ирихьэлIэу нэхъыбэ щIыным» жыхуиIэм, къыщыгъэлъэгъуахэр Прохладнэ къалэ округым зэрыщагъэзащIэм теухуауэ къэпсэлъащ Прохладнэ къалэ округым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Нерубленкэ Оксанэ**. Абы жиIащ къалэ округым и щIыналъэм 2017 гъэм и мазибгъум щызэфIагъэкIахэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, къагъэлъэгъуа ныбжьым иту щIыналъэм сабий 9846-рэ щопсэури, апхуэдэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтхэр 7234-рэ зэрыхъур икIи щIэблэм я процент 73-р а лэжьыгъэмкIэ къызэрызэщIаубыдэр. Апхуэдэуи абы и докладым къыщигъэлъэгъуащ псоми я зэхуэдэ гугъуехь зыбжанэ. Абыхэм я нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъур; егъэджакIуэ хъунухэм я IэщIагъэм хуэфэщэн щIэныгъэ зэрабгъэдэмылъымрэ зи ныбжьыр хэкIуэта куэд я IэнатIэм зэрыпэрытымрэ. Къалэ округым щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм щыпэрытхэм я ныбжьыр ику иту илъэс 45 - 48-рэ мэхъу.

Къапщытэж пIалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ IэнатIэм щолажьэ сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ IуэхущIапIэ 24-рэ, апхуэдэуи курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм - «ДыгъафIэ къалэ» Сабий творчествэмкIэ IуэхущIапIэм хыхьэ, щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт центрыр.

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щIэсу къабжащ зи ныбжьыр илъэси 5-м къыщыщIэдзауэ 18 хъу сабийуэ 30331-рэ. ЩIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм къадэкIуэу, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэми къыщызэIуах гупжьей, спорт секцэхэр. Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм дызэрыт гъэ еджэгъуэм къыщызэIуахащ гупжьейрэ спорт секцэу 2449-рэ, абыхэм еджакIуэ 21271-рэ йокIуалIэ, илъэси 3 - 6 ныбжьым ит сабий 11835-м щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт ахэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм. Илъэси 5 - 18 хъухэу щIэныгъэ гуэдзэ зрагъэгъуэтхэр сабий 63437-рэ е а ныбжьым хиубыдэхэм я процент 45-рэ мэхъу (2017 гъэм и щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэси 5 - 28 хъу сабийуэ ятхащ 142468-рэ).

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм цIыхухэм профессиональнэ щIэныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Аджырэ Светланэ** къызэхуэсахэм елъэIуащ УФ-м и Президентым и Указым и япэ Iыхьэм и «в» пунктым и 3-нэ, 5-нэ абзацхэм - «илъэс 25 - 65-рэ хъухэм ящыщу зи Iэзагъэм хэзыгъэхъуахэм е IэщIагъэщIэ зэзыгъэгъуэтыжахэм а ныбжьхэм хиубыдэ гупым ящыщу 2015 гъэм ирихьэлIэу экономикэ IэнатIэм щылажьэхэм я бжыгъэр процент 37-м нэгъэсын» икIи «курыт профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэмрэ профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэмрэ я унэхэу зи Iэпкълъэпкъыр хуиту къызыдэмыбзхэри щеджэфын папщIэ зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщахэм я бжыгъэр 2020 гъэм ирихьэлIэу проценти 3-м игъэкIауэ процент 25-м нэгъэсын» жыхуиIэхэм гулъытэ хуащIыну.

Статистикэм къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, 2015 гъэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 25-м къыщыщIэдзауэ 65-м нэсхэу IэнатIэ Iутхэр цIыху 333058-рэ хъууэ щытащ, абыхэм я процент 37-р цIыхуи 123321-рэ хъууэ аращ. Дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэс 25 - 65-м къриубыдахэу зи Iэзагъэм хэзыгъэхъуахэм е IэщIагъэщIэ зэзыгъэгъуэтыжахэм я бжыгъэр цIыху 124021-рэ е процент 37,22-рэ мэхъу. Унафэм къигъэуваув щыта процент 37-р мы зэманым гъэзэщIа хъуащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр къахьащ профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм зи Iэпкълъэпкъ зэхуэмыдэхэри щеджэн хуэдэу къызэгъэпэщынымкIи - къагъэлъэгъуа процент 25-м и пIэкIэ процент 33,3-м нагъэсащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щыхэплъащ я лэжьыгъэм и фIагъыр къызэрапщытэ щIыкIэми. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Къэпщытэныгъэмрэ статисткэмкIэ и центрым и унафэщI **Мэшыкъуэ Анзор** зэрыжиIамкIэ, 2016 гъэм сыт и лъэныкъуэкIи къапщытащ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 134-рэ. Дызэрыт илъэсым и мазибгъум егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм ягъэзэщIэн хуейуэ Iуэху 1338-рэ яубзыхуауэ щытащ. Абы щыщу процент 97,2-р и кIэм нэсу ягъэзэщIащ, проценти 2,3-м щыщ Iыхьэ гуэр зэфIагъэкIауэ аращ, процент ныкъуэм хунэсакъым. Я мурадам и зы Iыхьэ гуэр фIэкIа щIамыгъэзэщIам е щIыхунэмысыххам и щхьэусыгъуэхэр зэпкърыхауэ къыщыгъэлъэгъуащ 2017 гъэм и мазибгъум кърикIуахэр къыщыгъэлъэгъуа отчётхэм.

«ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ культурологие зэгухьэныгъэ-2017-м хэт IуэхущIапIэ псори мы зэманым йолэжь 2018 гъэм и планхэр зэхэлъхьэным. Абыхэм къыщылъытащ дэтхэнэ зыми и лэжьыгъэм кърикIуахэм япкъ иткIэ хуащIа дагъуэхэр, гу зылъатэжын хуейуэ хуагъэлъэгъуахэр. Зыхэплъэу къащта планхэр IуэхущIапIэхэм хуагъэхьынущ дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэм и 25-м и пэ къихуэу», - къыхигъэщащ Мэшыкъуэм.

Къэпсэлъахэм жаIахэм, къыхалъхьа жэрдэмхэм едэIуа нэужь, зэIущIэм унафэ къыщащтащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм чэнджэщ иратыну щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм зи Iэпкълъэпкъ зэхуэмыдэхэри хуиту щеджэну Iэмал яIэн хуэдэу ахэр зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщын лэжьыгъэм адэкIи пащэну; КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм гъэзэщIакIуэ властым и органхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм, къалэ округхэм я щIыпIэ администрацэхэр щIыгъуу зи ныбжьыр илъэси 5-м къыщыщIэдзауэ 18-м нэс сабийуэ щIэныгъэ гуэдзэ зэрырагъэгъуэт программэхэмкIэ къызэщIаубыдэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэну; егъэджэныгъэ IэнатIэм цIыхухэм щагъуэт IуэхутхьэбзэхэмI я фIагъымрэ ахэр нэгъэсауэ яхуэщIэнымрэ зыубзыху мардэхэм къагъэувхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэр зэпымыууэ къапщытэну.

# Гъэсашэ Наталье ЮНЕСКО-м щагъэлъапIэ

**Урысейм и цIыхубэ артисткэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым вокалымкIэ и кафедрэм и унафэщI Гъэсашэ Наталье ЮНЕСКО-м ЩэнхабзэмкIэ и советым мы гъэм хагъэхьащ. ФокIадэм и кIэухым ар Париж ирагъэблэгъащ.**



Хъыбар гуапэ

УЭРЭДЖЫIАКIУЭ цIэрыIуэм Париж щигъэкIуа махуэхэр телъыджэ щыхъуауэ жеIэж. Гъэсашэм къыпежьат Франджы-урыс щэнхабзэ ассоциацэм и унафэщI Лозовая-Бенетти Юлиерэ художник, Наталье и сурэтыр зыщIауэ щыта Казаковэ Алисэрэ. Бенеттихэ я уардэунэм ди лъэпкъэгъу уэрэджыIакIуэм щигъэкIуа махуитхур гуимыхуж щыхъуауэ я гугъу ещIыж.

Япэ махуэм Гъэсашэр ирагъэцIыхуащ Дунейпсо къэфакIуэ советым и унафэщIым и къуэдзэ, доктор Контожианнис Константин. Бенетти Юлиерэ абырэ ЮНЕСКО-м и унэ иным зыщрагъэплъыхьащ, а щIыпIэр ирагъэцIыхуащ. Ахэр щыIащ Луврым, Гранд-операм, Нотр дам де Парим, Елисей губгъуэм, Эйфелевэ чэщанэм, Триумфальнэ аркэм, нэгъуэщI щIыпIэ цIэрыIуэхэми.

Наталье хуабжьу игу ирихьащ Париж. Мыгувэу тригъэзэнущ, ауэ иджы нэхъыбэрэ щыIэну и мурадщ.

Гъэсашэм и макъ гуакIуэр париждэсхэм щызэхаха пшыхьыр гуимыхуж зэращыхъуам шэч хэлъкъым. Адыгэ фащэм и щIыкIэм тету абы модельер Шортэн Светланэ хуида бостей екIумрэ щIыIутелъымрэ ар нэхъ гуакIуэж ящIырт. УримыгушхуэнкIэ Iэмал имыIэу псалъэ дахэ куэд хужаIащ а пщыхьэщхьэм ди лъахэгъум.

ЮНЕСКО-м Париж щиIэ хэщIапIэм Гъэсашэ Наталье хуэгъэпса стенд ин фокIадэм и 28-м щагъэуват. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныпым и щIыIум абы и интервьюхэр, статьяхэр адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ традзауэ тетт, адэкIэ къыбгъурытт Казаковэ Алисэ ищIа сурэтри.

Контожианнис Константин Гъэсашэм теухуауэ къыщыпсалъэм абы и гъащIэ гъуэгуанэм кIэщIу и гугъу ищIащ. А пшыхьым крихьэлIат CID-м и тхьэмадэ, ГъуазджэхэмкIэ Легионым и командор, графиня Франсуазэ де Кулэнкур, Рахманиновым и цIэр зэрихьэу Париж дэт Урыс консерваторэм и ректор, УФ-м и лъэпкъхэм ящыщу хамэ къэрал щыпсэухэм я дунейпсо советым и президиумым и унафэщI Шереметьев Пётр, Урысейм и хэщIапIэу Париж щиIэм и секретарь Зверевэ Аннэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЮНЕСКО-м и дыжьын медалыр Гъэсашэ Наталье къыщратым, псом япэу къыщалъхуа щIыналъэм, ар уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ зыщIам, папщIэ гушхуэныгъэ ин зыхищIащ. Абы и цIэкIэ зэхаша концертым Испанием, Норвегием, Франджым, Урысейм щыщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр хэтащ. Езы Наталье игъэзэщIар «Хьэтау» цIыхубэ уэрэдыжьырщ.

ЮНЕСКО-м Гъэсашэ Наталье и пщэ къыдилъхьащ Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ а дунейпсо IуэхущIапIэм къыщигъэлъэгъуэну. Аращ хуитыр ЮНЕСКО-м и цIэкIэ дауэдапщэхэр зэхишэну, ди лъэпкъым къыхэкIауэ зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр дамыгъэ лъапIэхэмкIэ игъэпажэну. А пщэрылъыр, адрейхэми хуэдэу, жэуаплыныгъэ ин хэлъу игъэзэщIэну и мурадщ Гъэсашэм.

**ЩАУЕЙ Ланэ.**

Налшык

# Илъэс къэс ирагъэкIуэкI

**Налшык и «Ветеран» клубым республикэр зэрыгушхуэ ди нэхъыжьыфIхэр щагъэлъэпIащ.**

ЗИ НЫБЖЬЫР хэкIуэтахэм гулъытэ хэха яхуэщIыным хуэунэтIауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI мы Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Нало Николай, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуззэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ Советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа сымэ. Ахэр нэхъыжьхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яIэу цIыхубэм япэ куэдрэ итыну.

Клубым цIыхуищэм нэблагъэ къекIуэлIат. Абыхэм яхэттэкъым ди къэралымрэ ди лъахэмрэ хъумэным, ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэрэ зэфIэкIрэ хэзымылъхьа.

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студентхэм нэхъыжьхэм я пащхьэ щатащ Хэкур фIыуэ лъагъуным, лъэпкъхэр зэрыIыгъыным теухуа уэрэдхэр щыжаIа, къафэхэр щагъэзэщIа концертышхуэ. Утыкур зыгъэбжьыфIэу итар ныбжьыщIэхэм я закъуэкъым, атIэ гукъыдэжышхуэ зэрагъуэтар я нэгум къищу къэфащ, джэгуащ Iэгуауэшхуэ зыхуаIэта ветеранхэри. Концерт нэужьым нэхъыжьхэр саугъэтхэмкIэ ягъэгуфIащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

КъБР-м и прокуратурэм

# Хабзэм ирагъэзэгъыж

**МэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэм и унафэщI Бэхъунэ А., Старэ Шэрэдж къуажэм, Аруан муниципальнэ районым я щIыпIэ администрацэхэм гъавэ щIапIэм щыщ щIы Iыхьэм теухуауэ 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м зэращIылIа бэджэнд зэгурыIуэныгъэр хабзэм къемызэгъыу къызэрилъытэ, икIи гъэзэкIуэжын хуейуэ къэзыгъэув исккIэ КъБР-м и прокурорым республикэм и Арбитраж судым зыхуигъэзащ.**

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым къызэрахутамкIэ, мэкъумэш щIапIэр щатым УФ-м ЩIымкIэ и кодексым и пщалъэхэмрэ Урысей Федерацэм и федеральнэ закон зыбжанэрэ къызэпаудащ.

Къэрал, муниципальнэ мылъкуу щыт щIы Iыхьэр цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ бэджэнду зэрыхухах щIыкIэр хабзэкIэ ягъэуващ, ар щIымкIэ законодательствэм щыгъэбелджылащ. ЗытещIыхьар щIы Iыхьэр зеймрэ ар къэзыщтэну хуеймрэ я хуитыныгъэхэр, законкIэ я сэбэп зыхэлъхэр зэхуэдэу къызэгъэпэщынырщ. Зи гугъу тщIы бэджэнд зэгурыIуэныгъэр щызэращIылIэм щIы Iыхьэр зэрат хабзэр къызэпаудащ, федеральнэ законодательствэм къигъэувхэр ягъэзэщIакъым. КъищынэмыщIауэ, адрей нықъусаныгъэхэм къадэкIуэу, мэкъумэш щIапIэхэр тэмэму зэрызехьапхъэм теухуауэ федеральнэ законодательствэм щыубзыхуахэр къалъытакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Арбитраж судым и унафэкIэ, республикэм и прокурорым и искым нэсу арэзы техъуащ икIи Старэ Шэрэдж къуажэм, Аруан муниципальнэ районым я щIыпIэ администрацэхэм, КФХ-м и унафэщI Бэхъунэ А. зэращIылIа бэджэнд зэгурыIуэныгъэм къару имыIэу къалъытащ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

Узыншагъэ



РАН-м и академик, дохутыр цIэрыIуэ Акчурин Ренат Налшык щохьэщIэ. Абы бгъэдэтщ Республикэм кардиоцентрым и тхьэмадэ Щэрдан Нодар. *2014 гъэ*

Залиханов Жанакъаит къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

# Лъэпкъ лIыхъужь

**1950 гъэм, иджыри сыщIалэжь цIыкIуу, си анэм Фрунзе (иджы Бишкек) къалэм сыздишат. Ар си дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут. Къалэм зэрымыщIэкIэ дыщрихьэлIащ цIыхугъэшхуэ зыдэплъагъу цIыхухъум. «Дауэ ущыт, си шыпхъу?» - жиIэри, абы си анэм быдэу IэплIэ къыхуищIащ. Сэри къызэдэхащIэри, жиIэр дымыгъэзащIэу зэримыдэнур и макъымкIэ къыдгуригъаIуэу, я унэм дригъэблэгъащ.**



ФРУНЗЕ и Iэгъуэблагъэхэм деж щыт, пхъэм къыхэщIыкIа унэ цIыкIум и бжэщхьэIум дызэребакъуэу, зыхэтщIащ хьэщIэхуэфI унагъуэм дыкъызэреблэгъар. Ди псэукIэр зыхуэдэм, си адэ Мустэфа и Iуэхухэр зыIутым къыщIэупщIэрт, абы и зэфIэкIхэр игу къигъэкIыжырт. Ар къызэрытхущытым фэрыщIагъ лъэпкъ хэслъэгъуакъым икIи си адэр апхуэдэу фIыуэ зылъагъу, гуапэу абы и гугъу зыщI цIыхум пщIэ хуэсщIащ. Дыкъыщежьэжым, бысымым, тхьэмыщкIэу сызэрыхуэпам гу лъитагъэнти, и жыпым тумэн кърихри къызитащ: «Си щIалэ цIыкIу, мыр къащтэ, зыгуэркIэ сэбэп къыпхуэхъунщ», - жиIэри. А зэманым ар ахъшэшхуэт.

Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIащ, дэри ди Хэкум къэдгъэзэжащ. Жанакъаит КПСС-м и Советскэ райкомым и япэ секретару лажьэрт, сэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым сыщеджэрт. Районым щекIуэкI зэIущIэ гуэрым дыщызэрихьэлIат. Абы сыкъицIыхужри къызбгъэдыхьащ, сызрикъузылIэри къызэупщIащ: «Уи Iуэхухэр дауэ щыт? Мустэфарэ Марьямрэ сыт хуэдэ?», - жиIэри. Апхуэдэ цIыхур къызэрыгуэкIыу зэрыщытыр сэ икъукIэ си гуапэ хъуат.

Залиханов Жанус и къуэ Жанакъаит Iуэхугъуэ куэдкIэ гъэнщIа гъащIэ гъэщIэгъуэн къызэринэкIащ. Зауэ зэманым щыгъуэ бийм иубыда щIыналъэм щыIа партизан гупым яхэтащ, иужькIэ ВКП(б)-м и Шэрэдж райкомитетым и япэ секретару щыщытам, колхозхэм я лэжьыгъэр зэтеублэжыным, гъащIэр егъэфIэкIуэжыным жыджэру цIыхубэр къыхузэщIигъэуIуащ. Ауэ абы и гугъэхэр гъащIэм щызэщIэну къыхуиухатэкъым. И зэфIэкIхэри, и пщIэри къалъытакъым, и лъэпкъым и натIэ кърикIуа гъащIэ дыджыр езыми игъэунэхуащ. Зи Хэкур зрагъэбгынахэм яхэту Къыргъыз Республикэм яшащ, абыи ар щыIащ и лъэпкъэгъухэм зэрыхузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу.

Хамэщ Iым здэщыIэм, Залихановыр щIэбэнырт и лъэпкъэгъухэр ирагъэбгына я щIыпIэм къызэришэжынум, и закъуэуи, нэгъуэщIхэм я гъусэуи абы мызэ-мытIэу къэрал унафэщIхэм письмо яхуитхащ, Хэкум ирагъэкIахэм я унафэр къутэжыным икIи захуагъэр зэфIэгъэувэжыным къыхуриджэу.

Залихановым къэрал унафэщIхэм зэрызахуигъэза письмохэм ящыщ зым мыпхуэдэу итщ: «Сэ сызэрегупсысымкIэ, цIыхум и дежкIэ тезыр нэхъ хьэлъэ дыдэр лъэпкъ пудыныгъэрщ. Хуэмыфащэу ягъэпуд балъкъэр лъэпкъыр щIохъуэпс япэм иIа и щхьэхуитыныгъэм, и экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм. Балъкъэр лъэпкъым и хъуэпсапIэ закъуэр Кавказым игъэзэжынырщ».

А Iуэхум теухуауэ Залиханов Жанакъаит иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм щыхьэт техъуэ дэфтхэрхэр ихуащ балъкъэр лъэпкъыр зэрырашам, къызэрагъэзэжам, абы я къэщIэрэщIэжыныгъэм теухуауэ къыдэкIа «Час испытаний» тхылъым. И лъэпкъым зыгуэркIэ дэIэпыкъуным ерыщу зэрыхущIэкъуамкIэ, хамэщIым щыщыIа лъэхъэнэ гугъухэм и псалъэ гуапэхэмкIэ цIыхухэм гугъапIэр яфIимыгъэкIуэду зэрыщытамкIэ абы пщIэ къилэжьат.

Си лъэпкъэгъухэм я гукъэкIыжхэм къызэрыхэщыжымкIэ, а зэманым Жанакъаит я пашэу къалъытат. Куэдым я щхьэ Iуэху ирахьэлIэрт абы икIи, сыт хуэдэу зэманыр хьэлъэу щымытами, зэрыхузэфIэкIкIэ дэтхэнэми чэнджэщкIэми IуэхукIэми дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт. ГъэфIагъыцIэу «Зали»-кIэ къеджэрт абы цIыхухэр. «Сэ Зали деж сыщыIащ», «Зали чэнджэщ къызитащ» щыжаIэкIэ гурыIуэгъуэ хъурт абы и деж щIэкIуа Iуэхур тэмэму зэрызэфIэкIар.

Балъкъэр лъэпкъым я хэкум къагъэзэжа нэужь, Залихановым, езым хуэдэу гууз-лыуз зиIэ и ныбжьэгъухэр и гъусэу, къыздэкIуэжам цIыхухэр я пIэ изэгъэжынымкIэ дэIэпыкъуэгъуушхуэ хъуащ. Ар район парт зэгухьэныгъэм и унафэщIу ягъэувыжащ икIи хузэфIэкIыр щищIэу а IэнатIэм пэрытащ.

Иужь илъэсхэми, тхылъ тедзапIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом я унафэщIу лажьэкIэрэ, тхакIуэ-романист цIэрыIуэу республикэми къэралми къыщалъытауэ, и лъэпкъым и Iуэхухэр дэгъэкIынымкIэ жыджэру лэжьыгъэ щхьэхуэхэр зэфIигъэкIащ. Псом хуэмыдэу Будаев Азрэтрэ Мечиев Кязимрэ я пщIэр къэIэтыжынымкIэ куэд ищIащ. Апхуэдэу 1954 гъэм, Къыргъызым щыIэу, Гуэл щхъуантIэхэм деж нэмыцэхэм щаукIа Будаев Азрэт и фэеплъыр бгъэкIуэд зэрымыхъунум щыхьэт техъуэ тхыгъэ къулыкъущIэхэм яхуигъэхьауэ щытащ. Сэрэ КПСС-м и Шэрэдж райкомым и япэ секретарь Туменовымрэ Мечиев Кязим и унэ-музей къыщызэдгъэпэщым, абы екIуалIэ гъуэгур щыдухуэм Жанакъаит икъукIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къытхуэхъуащ. Музейр къыщызэIуахым зэIущIэр Залиханов Жанакъаит иригъэкIуэкIащ.

Къэрал лэжьакIуэшхуэу щыта, тхакIуэ, публицист зэчиифIэм нобэми пщIэшхуэ хузощI. Зи щIыналъэр, цIыхухэр хуабжьу фIыуэ зылъэгъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэж Залиханов Жанакъаит къызыхэкIа балъкъэр лъэпкъыр зэрыгушхуэн цIыху щэджащэу щытауэ сэ къызолъытэ.

**ЗУМАКУЛОВ Борис,**
*КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, япэ секретару щыта (1980 - 1991 гъгъ.), тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.*

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Ар зэрыщытар

# Урысейм и гимныр

## Къэралым и уэрэд нэхъыщхьэм тхыдэшхуэ иІэщ

**Илъэс 75-рэ дэкІащ абы лъандэрэ. 1942 гъэм СССР-м и унафэщІхэм къаІэтащ гимным и Іуэхур. А лэжьыгъэр зэщІигъэуІуэн хуейт маршал Ворошилов Климент зи Іэтащхьэ комиссэм.**

### «Интернационал»-мкІэ зэфІэкІырт

ЩІы хъурейм и Іыхьэ ханэр зыІыгъ къэралым 1943 гъэм и дыгъэгъазэр къэсыху езым и гимн иІэххакъым. ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэм деж ягъэзащІэр «Интернационал»-рт. А зэманым ар коммунист псоми я уэрэд нэхъыщхьэу къалъытэрт икІи дунейпсо революцэ къиІэтыну къалэн зыщызыщІыжа къэралым хуабжьу къезэгъырт. Пэжщ, ар СССР-м и гимну зэи щытакъым. «Интернационал»-м и мыхьэнэкІэ хуагъадэрт «Марсельеза», «Варшавянка», «Замучен тяжелой неволей», нэгъуэщІ революцэ уэрэдхэри. «Дунейпсо коммунист правительствэу» къалъытэу щыта Интернационалыр зэхуащІыжа иужь къагурыІуащ Совет Союзым езым и гимн иІэжын зэрыхуейр.

### Псори зэпеуэрт

СССР-м и Къэрал гимн къызэгъэпэщыным яужь ихьащ 1942 гъэм и гъэмахуэм. ИпэкІи иужькІи ди деж зэи апхуэдэ зэпеуэшхуэ щыІакъым. Гимным макъамэ щІагъэувэн папщІэ хуабжьу ерыщу зэныкъуэкъуащ композитори 170-рэ. Лэжьыгъэшхуэ дыдэ зэфІагъэкІа иужь, комиссэм и пащхьэ иралъхьащ абыхэм я Іэдакъэщ ІэкІ 223-рэ.

Усэхэми къаруушхуэ ирахьэлІат. РККА-м и Политуправленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Щербаков А. С.Сталиным Іэригъэхьа хъыбарым къыщыгъэлъэгъуат 1942 гъэм къыщыщІэдзауэ усакІуэ 19-мрэ композитори 8-мрэ я лэжьыгъэхэр комиссэм къызэрыхихар. Ахэр иратат къэралым и оркестр, уэрэджыІакІуэ гуп нэхъыфІхэм. ЕдэІуахэщ, арщхьэкІэ зыри ягу ирихьакъым.

### Зы мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу

Ворошилов Климент и адьютанту щытам зэритхыжамкІэ, 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м къызэхуашэса усакІуэхэмрэ композиторхэмрэ ар тхІийуэ епсэлъащ. Маршалым жиІащ зы илъэсым къриубыдэу зэфІагъэкІа лэжьыгъэр зыми и мыуасэу, икІи яхуигъэуващ зы мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу щІэ къыхалъхьэну. ЕтІуанэу гимным едэІуащ 1943 гъэм шыщхьэуІум и 17-мрэ 24-мрэ. Комиссэр хэплъащ композитор 40-м я ІэдакъэщІэкІ 55-м. КІэухыу къыщыхахын хуеяр 1943 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-рт. Театр Иным щыІащ Сталин И. В., Молотов В. М., Ворошилов К. Е., Берие Л. П., Маленков Г. М. сымэ. Зыри ягу ирихьакъым. ЕплІанэу яужь ихьа иужькІэщ Александров А. В., Хачатурян А. И., Гускин И. И. сымэ я ІэдакъэщІэкІхэм къыщытеувыІар.

### Зэман псоми йозэгъ

Макъамэм щІагъэувэну псалъэхэр къыхахынри тыншу щытакъым. Ворошилов Климент игу ирихьащ зыбжанэ. 1943 гъэм фокІадэм и кІэм Сталин И. В. арэзы техъуащ Михалковрэ Эль-Регистанрэ зэгъусэу зэхалъхьа псалъэхэм. АрщхьэкІэ дэтхэнэ сатырми дагъуэ хуащІырт. Михалков Сергей зэрыжиІэжамкІэ, япэщІыкІэ Сталиным игу ирихьакъым «Свободных народов союз благородный» псалъэхэр. Зэманым къемызэгъыж «благородный» псалъэр хагъэкІыну лъэІуащ. ИтІанэ вождым егъэлеяуэ къилъытащ «Нас вырастил Сталин - избранник народа» сатырри. НэгъуэщІхэри зэрагъэззэхуэжащ. Псори ягъэзэкІуэжа иужь, 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м Сталиныр арэзы техъуащ псалъэхэм. Макъамэхэм ящыщу абы нэхъ игу дыхьар Александров А. В. 1938 гъэм итха «Большевикхэм я партым и гимн» жыхуиІэрат. АрщхьэкІэ ар усэм езэгъыртэкъым. ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэн хуей хъуащ. 1943 гъэм дыгъэгъазэм и 14-рщ ВКП(б)-м и ЦК-м и Политбюром и унафэкІэ Михалковрэ Эль-Регистанрэ я усэхэр щІэлъу Александровым и макъамэр къыщащтар.

### Ахъшэшхуэ щызекІуэрт

Зауэм и илъэс хьэлъэхэм щхьэкІэ къимыгъанэу, Совет правительствэм пщІэшхуэ дыдэ хуищІащ Къэрал гимныр къызэгъэпэщыным хэлэжьыхьа дэтхэнэ композиторми усакІуэми. Апхуэдиз хъу гонорархэр щата тхыдэм ищІэжыркъым. 1944 гъэм и щІышылэм СССР-м и ЦІыхубэ Комиссархэм я Советым и унафэкІэ мы Іуэхум хухахащ нэхъапэм зэи ямылъэгъуа ахъшэшхуэсом мелуанрэ мин 212-рэ. Гимным и псалъэхэр зытха Михалковрэ Эль-Регистанрэ яІэрыхьащ сом минищэ зырыз, макъамэр зей Александровми апхуэдиз иратащ. Лэжьыгъэм хэта нэгъуэщІхэри гулъытэншэ хъуакъым. Зэпеуэм жыжьэ щынэса Хачатурян Арамрэ Шостакович Дмитрийрэ дэтхэнэми хуэззэу сом мин 22-рэ лъысащ.

### Уахътыншэщ

Сталин И. В. лІа иужь, СССР-м и гимныр зэрахъуэкІыну зыкъомрэ яужь итащ, вождым и цІэр куэдыІуэрэ къызэрыхэщым къыхэкІыу. 1955 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс 22-кІэ гимныр ягъэзэщІащ псалъэншэу. 1977 гъэм и накъыгъэм Суслов М. А. къыхилъхьащ гимныщІэ къызэрагъэпэщыну. Зэпеуэм хэтащ усакІуэ 67-рэ, композитор 80. АрщхьэкІэ комиссэ ткІийр аргуэру къытеувыІащ Михалковрэ Эль-Регистанрэ я усэу зэхъуэкІыныгъэ мащІэ зыхалъхьахэм. Нэхъ гъэщІэгъуныжращи, «УФ-м и Къэрал гимным и ІуэхукІэ» 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м къыдэкІа законым ипкъ иткІэ, ноби Урысейм и гимныр Михалков С. В. и усэ зэрагъэззэхуэжам и псалъэхэр зыщІэлъырщ. Макъамэр зэрыщыту къэнэжащ - Александров А. В. и ІэдакъэщІэкІым пэхъун къахуэгъуэтакъым.

**СОКОЛОВ Дмитрий.**
*«Мир новостей»*

*Зы щІыдгъужынщ. СССР-р лъэлъэжа иужь Ельцин Борис унафэр щыІэщІэлъа зэманым илъэсипщІ енкІэ гимну щытащ Глинкэ Михаил 1833 гъэм итха «Хэкупсэ уэрэдыр». АрщхьэкІэ хуэфэщэн усэ къахуэгъуэтатэкъыми, ар псалъэншэу ягъэзэщІащ.*

● Ахъшэ

# Хэт и хьэкъкІэ?

**2018 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа федеральнэ бюджетыр Къэрал Думэм щІахьащ килограмм 30-м щІигъу зэрылъ сумкитІкІэ. «Комсомольская правда» газетым и лэжьакІуэм щыгъуазэ зищІащ напэкІуэцІ куэд хъу тхылъ Іувым ит бжыгъэхэм.**

### Гъэ къэс щІэрыщІэу хоплъэж

Зэман зыбжанэ хъуауэ бюджетыр илъэсищым тещІыхьауэ зэхалъхьэ. АрщхьэкІэ гъэ къэс зэхъуэкІыныгъэхэр егъуэт. ЩІыдагъэм и уасэнур зыхуэдизыр къахуэхутэркъым. Мы гъэм абы хэхъуэри, зыщыгугъам нэхърэ сом триллионищкІэ нэхъыбэ къитащ. СлІожь, ІуэхуфІщ.

Ауэ нэхъыкІи щыІащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, уасэхэр щехуэха 2014 гъэм. Абы дерс къыхэзыха Минфиным и Іуэху бгъэдыхьэкІэр ихъуэжу хуежьащ: щІыдагъэм и уасэнухэр нэхъ мащІэу къегъэлъагъуэ.

Дызыхыхьэну илъэсым зы щІыдагъэ баррелыр доллар 43,8-кІэ ящэну ягъэуващ. Абы щыгъуэми, Урысейр ОПЕК-м и лэжьыгъэм зэрыхэтам и фІыгъэкІэ иджы зы баррелыр доллар 55-кІэ ящэху.

Уасэхэр нэхъ пудыну къызэрагъэлъагъуэм ирехулІэ хэхъуэхэм я нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр къалъыхъуэну. ИкІи мащІэ-мащІэурэ къохъулІэ: УФ-р къытокІ апхуэдизу зэпха щІыдагъэм.

- 2014 гъэм федеральнэ бюджетым и хэхъуэхэм я зэхуэдитІым щІигъур щІыдагъэ-газ ІэнатІэм къыдитауэ щытамэ, иджы ар зэрыхъужынур процент 37 - 38-рэщ, - жеІэ Минэнергом и Іэтащхьэм и къуэдзэ Молодцов Кирилл.

2018 гъэм процент 36-м нэсу ехын хуейщ. Къэралым и дежкІэ ар фІыщ, арщхьэкІэ цІыху къызэрыгуэкІхэм я дежкІэ щІагъуэкъым: щІыдагъэ экономикэм къимытыр абыхэм я жыпым кърахынущ...

### Акцизхэр нэхъыбэнущ

Псом япэрауэ, щогугъ налогхэу къыхаххэм хагъэхъуэфыным. ЦІыхухэми хьэрычэтыщІэ ІэнатІэхэми я хьэкъкІэ. Пэжщ. Зи гугъу ящІыр абыхэм зрагъэІэтыныркъым, атІэ дэтхэнэми хабзэр игъэзэщІэнырщ. Мыбдеж щыхилъэфэнур налогхэм зыпыІузыдзхэмрэ хьэгъэщагъэ Іэмалхэр къэзыгъэсэбэпхэмрэщ.

ЕтІуанэрауэ, бюджетыр ягъэнщІынущ акцизхэр къыдрагъэуейуэрэ: тутынхэм процентi 10-кІэ, фадэ гуащІэхэм проценти 4-кІэ, гъэсыныпхъэхэр процент 1,5-кІэ. Инвестицэхэм щхьэщатыкІхэми хэхъуэнущ. А псоми сом меларди 150-м нэс къатынущ. Ар зи фэм къыдахынури тутынафэхэрщ, фадэ ефэхэрщ, автомобиль зиІэхэрщ, унэлъащІэ тыкуэнхэм щыщахуэхэрщ.

Ещанэрауэ, я мурадщ къэрал компаниехэм ахъшэ нэхъыбэ къыІахыну. 2018 гъэм къыщыщІэдзауэ абыхэм бюджетым ягъэкІуэн хуейщ я хэхъуэхэм я зэхуэдитІыр. Абы сом мелардищэ зыбжанэ къыпахынущ.

### Мыгъуэр зи мыгъуар

Бюджетым и хэщІхэм я статья нэхъыщхьэхэр къэнащ. Псом нэхърэ нэхъыбэ дэ тедгъэкІуэдэнущ зыхъумэжыныгъэм. ЕтІуанэ увыпІэр иІыгъщ социальнэ политикэм. Экономикэм зегъэужьыныр ещанэщ. Зэвгъэпщэн папщІэ: иужь илъэситхум абыхэм трагъэкІуадэр ику иту Іыхьэ плІанэкІэ дэкІуеящ. Уагъэпlейтей къэрал лэжьакІуэхэр Іыгъыным, къэрал щІыхуэхэр тыжыным трагъэкІуадэхэм хуэдитІкІэ зэрызаІэтым (ахэр еплІанэ, етхуанэ увыпІэхэм щытщ). КъулыкъущІэхэм я бжыгъэр зэрыбагъуэм дэ куэдрэ дытепсэлъыхьащ.

Абы щыгъуэми, щыІэщ иужь илъэситхум ахъшэу хуаутІыпщым щыкІэрагъэхуа ІэнатІэхэри: ЖКХ-р, медицинэр, егъэджэныгъэр, спортыр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, дэ танкхэмрэ къулыкъущІэхэм я улахуэхэмрэ нэхъыбэ тедгъэкІуадэ хъуащ, ауэ цІыхухэр егъэджэнымрэ абыхэм я узыншагъэр хъумэнымрэ дегугъуэжыркъым. Капитальнэ ремонтым текІуэдэнухэри дэ ди пщэ къыдалъхьэжащ.

Социальнэ ІэнатІэм текІуадэхэми сом мелард 350-рэ хуэдиз якІэрыхунущ. Ауэ абы къикІыркъым зыгуэрхэм яІэрыхьэхэм «епІэскІуну», щыжаІащ Минфиным. Бюджетым иригъэкъужынущ Пенсэ фондыр зыхущыщІэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, лІыжь-фызыжьхэм иратын папщІэ къыхах страховой ахъшэмрэ мы Іуэхум текІуадэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр. Мы гъэм ар нэхъ цІыкІу хъунущ: япэрауэ, страховой ахъшэу къыхахыр нэхъыбэ хъуащ, етІуанэрауэ, къулыкъущІэхэр пенсэм щыкІуэ ныбжьым хагъэхъуащ.

Псори зэпэплъытыжмэ, мыбы уогупсыс: къэралым зригъэсащ цІыхухэм ябгхэр щІикъуэзэу, налог зытхэм ахъшэ нэхъыбэ къатриудыфу, ауэ зыужьыныгъэм и гъуэгухэр иджыри къызэІуихыфыркъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, гъэ къакІуэ экономикэм зэрызрагъэуужьыну я мурадыр проценти 2 хуэдизщ, абы щыгъуэми, а бжыгъэр дунейм проценти 3-м щыноблагъэ. ДалъэщІыхьэжыну игъуэт.

**БЕЛЯКОВ Евгений.**
*«Комсомольская правда»*

● Хэхъуэхэр

# Къулейсызу ди деж къыщалъытэр

**ЦІыхухэм иужьу зэреупщІам кърикІуахэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Урысейм щыпсэухэм я процент 40-м къулейсызу къалъытэ зы мазэм хэхъуэу сом мини 10 нэхърэ нэхъ мащІэ зыІэрыхьэхэр. Ар пэжу пІэрэ?**

ПСЭУКІЭР зыхуэдэмкІэ урысейпсо центрым и Іэтащхьэ Бобков Вячеслав а упщІэм мыпхуэдэ жэуап ирет.

- Унагъуэм и хэхъуэр къыхокІ улахуэм, пенсэм, хьэрычэтыщІ лэжьыгъэхэм къапэкІуэхэм. А псори зэхэлъхьэжауэ унагъуэм щыщ цІыху псоми ятегуэшэн хуейщ. Ди къэралым и цІыхухэм ящыщ куэдым улахуэрщ я хэхъуэм и къыхэкІыпІэ нэхъыщхьэр - процент 90-р зэрыпсэур аращ. ЛэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр сом 7.500-рэщ - ди псэукІэр щІэмымыщІагъуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри аращ. Абы щыгъуэми, а ахъшэм къыхэгъэкІын хуейщ фэтэрыпщІэр, гъуэгупщІэр, нэгъуэщІхэри.

Хэхъуэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу, цІыхухэм ерыскъыр ягъэмэщІэн хуей мэхъу. Абы и закъуэкъым: мы зэманым компьютерым, телефоным, Интернетым уапымыщІауэ упсэуфынукъым. Ди центрым къыщалъытащ упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуэныкъуэнур: ар сом мини 10,5-м нэхърэ хуэдищкІэ нэхъыбэн хуейщ.

Къулейсызыгъэм дытекІуэн папщІэ улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр къызэрытІэтым къыдэкІуэу, дегупсысыпхъэщ къэралым ІэнатІэхэр къыщызэІуахын папщІэ зэфІагъэкІыну къапэщытхэм.

ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, Урысейм и цІыхухэм къалъытэ къызыхуэтыншэу псэун папщІэ зы мазэм сом мин 50-р ярикъуну. АрщхьэкІэ къулейхэр зыхуейр куэдкІэ нэхъыбэщ.

Мы Іуэхум куэд тражыІыхь. Ауэ псори и пІэ къонэж: къэралым цІыхухэм я псэукІэр къызэриІэтыну мылъку иІэкъым. Уегупсысмэ, плъагъуркъым абы цІыхухэм я псэукІэр къызэраІэтыну Іэмалхэр къилъыхъуэуи. Аращи, зи хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ дунейм щыпашэ Урысейм и цІыху куэд къулейсызщ. Дапщэщ абы кІэ щигъуэтынур ? А упщІэм жэуап къыщратынур къэщІэгъуейщ.

*«Аргументы и факты».*

● Хьэгъэщагъэхэр

# Зы фэтэрыр ящэфащ... тхуэнейрэ!

**ЯгъэІэпхъуэ мыхъу мылъкум и ІэнатІэм бзаджащІэхэм щрагъэфІакІуэ цІыхухэр къагъэпцІэн папщІэ щызэхащІыхьхэр. Иджы нэхъыбэрэ къагъэсэбэп хъуащ психиатрым къарита тхылъхэр.**

УЭЧЫЛ, юстицэ щІэныгъэхэм я кандидат Филачевэ Оксанэ мазэ зыбжанэ хъуауэ хабзэхъумэхэм яхуегъэув психиатрие сымаджэщым и медсестрауэ лэжьа Соловьевэ Татьянэ хуэгъэза уголовнэ Іуэху къызэІуахыну.

Москва щиІэ зы фэтэр закъуэр тхуэнейрэ ищэу къатрихыжын хузэфІэкІащ а цІыхубзым. Абы папщІэ медицинэ лэжьакІуэу щытам я акъыл зэтемысу къыщІригъэдзащ и щхьэгъусэмрэ и анэмрэ.

«ЩІэпхъаджащІэхэм къагъэсэбэп мыпхуэдэ Іэмал: къыІех узыншэу къэзыгъэлъагъуэ тхылъ, ауэ илъэситІ-щы нэхъ дэмыкІыу къагъуэт фэтэрыр щищэ зэманым абы и акъыл зэтесу щымытауэ къыщІезыгъэдз медкартэ, - жеІэ Филачевэ Оксанэ. - учетым ягъэувыну хунэмыса хуэдэу щхьэусыгъуэ ящІ».

Пэжу, зэ кІуэгъуэкІэ дохутырым диагноз пхуигъэувыфынукъым. Ауэ унэр щыпщэм епщІылІа зэгурыІуэныгъэр ирагъэкъутэжын папщІэ лъабжьэ ягъуэт.

«Соловьевхэ нэхъ Іэмал хьилэшыхэр къагъэсэбэпырт, - пещэ уэчылым. - ЯпэщІыкІэ фэтэрыр Соловьевэ и лІым еящ, итІанэ абы ар фызым тыгъэ хуищІащ. ЦІыхубзым псэупІэр ищащ и акъылкІэ зэрыузыншэм щыхьэт техъуэ тхылъ яригъэлъагъури».

ИлъэситІ хуэдиз дэкІри, а цІыхубзым и лІыр судым кІуащ и акъылыр зэрызэтемысым икІи и щхьэгъусэм фэтэрыр тыгъэ щыхуищІам ищІэр къыгурыІуэу зэрыщымытам щыхьэт техъуэ тхылъ иІыгъыу. Судым къилъытащ фэтэрыр щащэм зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм къару имыІэу - умейр пщэну ухуиткъым. Арати, фэтэрыр Соловьевэ и лІым Іэрыхьэжащ, щэхуакІуэр лей къэхъури.

Ауэ зэлІэзэфызыр абдеж щыувыІакъым. ЛІым аргуэру псэупІэр фызым тыгъэ хуещІ икІи аргуэру псоми щІэрыщІэу къыщІедзэж. Апхуэдэу тхуэнейрэ екІуэкІащ.

«Хабзэхъумэ органхэм зэщхьэгъусэхэм зэхащІыхьхэм гу лъата иужь Соловьевэ «делэу» къыщІригъэдзащ и анэр», - къытхуеІуатэ Оксанэ.

Ауэ уголовнэ Іуэху къаІэтакъым. КъагъэпцІа щэхуакІуэхэр хущІэкъуащ гъэпцІакІуэхэр хабзэм ирашэлІэну. Абы папщІэ и лІымрэ и анэмрэ я акъылыр зэрызэтесыр сэтей къащІын хуей къудейуэ арат. Псори япІэ ирагъэувэжыфынут, хамэ унафэ щІэмыту психиатрие экспертизэ ирагъэкІуэкІамэ. АрщхьэкІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, гъэпцІакІуэхэр абы хуейкъым, залымыгъэкІэ епхулІэнуи ухуиткъым.

Абы и закъуэкъым: дэ, уеблэмэ, дыхуиткъым хамэ унафэ щІэмыт психиатрхэм медкартэхэр едгъэлъагъуну. Медицинэ щэхущ, судыр зыхэплъэну хуитыр езы «сымаджэхэм къыхуахьа тхылъхэрщ», - зэгуоп уэчылыр.

Абыхэм къахьыр психиатрым къарита тхылъым и закъуэщ. Уи акъыл зэтемысу е зэтесу (узыхуейм елъытащ) къыщІезыгъэдз тхылъыр Москва доллар мин 15 щиуасэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, сом мелуан иримыкъу фІэкІа зытемыкІуадэ «диагнозым» ахъшэшхуэ къахуехь фэтэрыр сом мелуани 5-7-кІэ зыщэ гъэпцІакІуэхэм.

Хабзэхъумэхэр-щэ? Абыхэм психиатрыр ягъэкъуэншэфынукъым диагноз нэпцІ зэригъэувамкІэ. Ауэ Соловьевхэ жэуапым ирашаІэ хъунут «ГъэпцІагъэ зэрызэрихьам папщІэ» статьямкІэ.

**СИГИДЭ Аделаидэ.**
*«Мир новостей»*

● ІэщІагъэхэр

# Бжыгъэхэмрэ фІагъымрэ

### Іуэхум хэзыщІыкІ лэжьакІуэхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу

**ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт щІэныгъэ хэха зэраІэм щыхьэт техъуэ дипломхэр зыІыгъхэм я бжыгъэм тетщІыхьмэ, дэ дуней псом дыщыяпэнущ. Ауэ сыт а тхылъ быдэ плъыжь цІыкІухэм я уасэр? Щхьэзакъуэ мылъку хъуа вуз куэдым мы зэманым студентхэм яхуэфэщэн щІэныгъэ ирагъэгъуэтыркъым икІи ягъэхьэзырри экономикэр зыхуэмей ІэщІагъэхэр зиІэхэрщ. ЦІыхум ират «пщІэшхуэ зыхуащІ» дипломхэр (юрист, менеджер), ауэ щылэжьэну здэкІуэр нэгъуэщІ ІэнатІэщ. Ахъшэр псым хэтпхъэу къыщІокІ.**

АРЩХЬЭКІЭ языныкъуэ вузхэмрэ колледжхэмрэ ягъэхьэзырыфыркъым зэманым къигъэувхэм пэхъуну ІэщІагъэлІхэр. ЩІалэгъуалэр къыхураджэ инженерхэу еджэну, арщхьэкІэ ахэр зэрагъэхьэзырыр XX лІэщІыгъуэхэм я пщалъэхэмкІэщ, жьы зэрыхъурэ куэд щІахэмкІэщ. Абы щыгъуэми, еплІанэ промышленнэ революцэ йокІуэкІ, Урысейми абы зыпиІуидзыфынукъым. Иджы куэд зытращІыхь реформэхэм щІадзэмэ, къэралыр хуейуэ къыщІэкІынущ бжыгъэ технологиехэмкІэ, роботизацэмкІэ ІэщІагъэлІхэм. А псори ехьэлІащ егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Скворцовэ Вероникэ мызэ-мытІэу жиІащ ди къэралым щрагъэгъуэт медицинэ щІэныгъэр узижагъуэну. ЦІыхухэр блэкІа лІэщІыгъуэм щыІа пщалъэхэм ятещІыхьауэ ирагъаджэ. Абы щыгъуэми, иджырей дохутырым и щІэныгъэм зэпымыууэ хигъэхъуэн, зыпэрыт ІэнатІэм щІэуэ къыщыхъухэм щыгъуэзэн папщІэ инджылызыбзэ фІыуэ ищІэн хуейщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ егъэджэныгъэм хухэтх ахъшэм кІэрыдгъэхуащ дыздэщыІэн хуея лъагагъэм дынэмысу. Ауэ китайхэм мы ІэнатІэм доллар меларднэр халъхьэ. Аращи, бжыгъэхэмрэ фІагъымрэ зэрыщхьэщыкІыр абыхэм я деж щынэхъ мащІэщ. Дигу къэдгъэкІыжынщи, цІыхухэм профессиональнэ щІэныгъэ егъэгъуэтыным щытехьа 70 гъэхэм Китайм зыри иІакъым. Абы и тегъэщІапІэу щытар СССР-м щеджа ІэщІагъэлІхэрт. Иджы езым ейхэр США-мрэ Европэмрэ егъэкІуэф, иужькІэ абыхэм я хэкум къагъэзэж. Китай вузхэр дунейм и университет нэхъыфІхэу къыщалъытэ щэм хыхьащ, дыдейхэр етІуанэ щэм хэтщ. ДыкъыкІэрыхупэну дыхуэмеймэ, егъэджэныгъэм ахъшэ хэтлъхьэн хуейщ. АрдыдэмкІэ экономикэм зиІэтынущ. Реформэхэм дыхуашэн хуейщ XXI лІэщІыгъуэм пэхъуну ІэщІагъэлІхэр диІэным. Ауэ бжыгъэхэмрэ фІагъымрэ зыкІи зэмыпхауэ къэнэжмэ, ди деж зыми зыщихъуэжынукъым.

**ГОНТМАХЕР Евгений,**
*РАН-м Дунейпсо Экономикэмрэ къэрал зэхущытыкІэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ.*
*«Аргументы и факты»*

● Къалэхэр



**Нидерландхэм я щыхьэр Амстердам псым тет къалэу къэплъытэ хъунущ. Абы къыхэкІыу щІыпІэм щыпсэухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ лъэмыжхэм - абыхэм я бжыгъэр 1500-м щІегъу. Ахэр апхуэдизкІэ дахащэщи, я теплъэм узыІэпашэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Амстел псым телъ лъэмыж ЩІыхум тхыдэшхуэ иІэщ икІи ар Амстердам щынэхъ уардэ дыдэхэм ящыщщ** *(сурэтым)*.

# Сыт хуэдэ Іэмалри къигъэсэбэпырт

● Осетие Ищхъэрэ

**Владикавказ и Іэтащхьэу щыта Дзантиев Сергей, арыншами, дуней псом къыщалъыхъуэрт сом мелуан 30 зэрыІэщІэкІуэдам къыхэкІыу. Иджы абы хуэгъэзауэ зэуэ аргуэру уголовнэ ІуэхуитІ къызэІуахащ, хьэгъэщагъэ зэрызэрихьамкІэ ягъэкъуаншэу.**

ОСЕТИЕ Ищхъэрэ - Аланием щыІэ МВД-м зэрыщыжаІамкІэ, 2009 гъэм и щэкІуэгъуэм псэуалъэ зыбжанэ къыІэщІигъэкІащ ухуакІуэ компанем и Іэтащхьэм: къалэ унафэщІым къигъэгугъат щэн-къэщэхуным теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрытридзэу сом мелуаних абы иритыну. АрщхьэкІэ иужьрейм зы кІэпІейкІи Іэрыхьакъым.

- Апхуэдэу Дзантиевым игъэзэщІакъым нэгъуэщІ компанием и пащхьэм ахъшэ и лъэныкъуэкІэ пщэрылъ зыщищІыжахэр икІи абы хэщІыныгъэу сом мелуан 12 иритащ, - щыжаІащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Владикавказ и администрацэм и щІы комитетым и унафэщІымрэ и бухгалтер нэхъыщхьэмрэ и гъусэу илъэс зыбжанэ ипэкІэ сом мелуанищкІэ ящащ «Осетия» санаторэм къегъэщІылІа щІы Іыхьэр, мазих нэхъ дэмыкІыу ар къащэхужащ бюджет ахъшэм къыхэкІ сом мелуан 30-кІэ. Абы щыгъуэми, щыпІэм зыри иращІыхьакъым.

ЩІыдгъужынщ Владикавказ и Іэтащхьэу щытам Дон Іус Ростов зэрызыщигъэпщкІур полицейхэм къызэращІар. АрщхьэкІэ яубыдыну щыкІуам Дзантиевыр абы щыІэжтэкъым: къулыкъущІэр къэралым икІат.

**БЕЛЯЕВЭ Алёнэ.**
*«Комсомольская правда»*

*НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар*
**ШАЛ Мухьэмэдщ.**

★★★★★★★★★★★★ КЪАНЫКЪУЭ-ФЫРЭ Анфисэ

# Адыгэ тхыдэм и гъуэгуанэ кIыхьыр


Бэркъукъу аз-Захьир


Шеихъ МуIэед


Инал ал-Ашрэф


Барасбей ал-Ашрэф


Къеит-бей ал-Ашрэф

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №200-м итщ).*

## Адыгэхэмрэ Мысырымрэ

**Илъэсищэ куэдкIэ мамлюкхэмрэ янычархэмрэ зауэлI хахуэу, къару нэхъыщхьэу яIащ муслъымэн къэралыгъуэхэм. «Мамлюк» псалъэм «гъэр», «щхьэхуимыт» жиIэу аращ къикIыр. Ауэ адыгэ мамлюкхэр щхьэхуимыту къалъхуртэкъым, атIэ къадыгъуа щIалэ цIыкIухэр ящэу зэIэпахыурэ, КъуэкIыпIэм нагъэсырт. ЗауэлI хахуэу ягъэса нэужь, адыгэ щIалэхэр мамлюкхэм хагъэхьэрт. Тырку янычархэр лъэсыдзэ лъэщу я хъыбар ягъэIуами, мысыр мамлюкхэм хуэдэ шууей Iэл дунейм тетакъым, икIи адыгэ мамлюкхэм я закъуэщ къэралым бжьыпэр щаубыду, пащтыхьыгъуэр зыIэрагъэхьэн зыхузэфIэкIар.**

ФАТIИМИДХЭМ ящыщ хъалиф ал-Азиз и тетыгъуэм (ди лъэхъэнэм и 975 - 996 гъэхэм) ирихьэлIэущ мамлюкхэр япэ дыдэ Мысырым къыщыщыхутар. А зэманым Мысырым лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэшхуэхэр къыщекIуэкIырти, я хабзэм, бзэм, фIэщхъуныгъэм, хьэлым, политикэм щымыгъуазэхэм дзыхь яхуищIмэ нэхъ къищтат хъалифым. И мурадыр нахуапIэ ищIын папщIэ, хъалифыр щхьэхуимытхэм я бэзэрым кIуэурэ, къадыгъуауэ ящэ адыгэ щIалэ цIыкIу Iэчлъэчхэр, узыншэхэр, Iущхэр къищэхуурэ, дзэ къулыкъум щыхуагъэхьэзыр еджапIэхэм яриту щIидзащ. Абы щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ езы хъалифымрэ къищынэмыщIа, нэгъуэщI зы цIыху ирагъэкIуэлIэнутэкъым еджапIэм. Адыгэ щIалэ цIыкIухэр я зиусхьэным хуэпэжу, шым тесыфу, джатэкIэ зэуэфу, шабзэр ягъэIэкIуэу, бэнэфу, псым есыфу ягъасэрт, хьэрыпыбзэр ирагъащIэрт, шэрихьэтым щIапIыкIырт. Апхуэдэу къэунэхуауэ щытащ япэ дыдэ мамлюкыдзэр.

1171 гъэм фатIимидхэр тригъэкIуэтри, Мысырым и сулътIан хъуащ хьэмшэрий Iэюбидхэм ящыщ Сэлахь ад-Дин. СулътIаным и тетыгъуэм ирихьэлIащ чыристан диныр цIыхум хахьэн мурадкIэ жорзехьэхэм ирагъэжьа япэ зауэр. Абыхэм япэщIэтынымкIэ Сэлахь ад-Дин хуабжьу сэбэп хуэхъуащ мамлюкхэр. Адыгэ зауэлIхэм пщIэ лъагэ зэрахуищIым и щыхьэту, гвардием, дзэм хэт, псым тет зауэлIхэм зэрызыкъыщIагъэкъуам папщIэ, сулътIаным абыхэм щIы къаритащ. Апхуэдэу, мамлюкхэр дамэгъу ищIри, сулътIаным зэгуигъэхьауэ щытащ Сириемрэ Мысырымрэ.

Адыгэ мамлюкхэр зэрызауэлI уасэншэр нэсу къыгурыIуащ Сэлахь ад-Дин и къуэ ас-Сэлихь (1240 - 1249 гъэхэм Мысырым тетащ). Мамлюкхэм я псэупIэу кърататащ Раудэ хытIыгур, Каир пэмыжыжьэу. Абыхэм я хэщIапIэр фIыуэ яхъумэрт, нэхъыжьхэм нэхъыщIэхэр ягъасэу я Iуэхури зэтеублат. А зэманыращ мамлюкхэр Iыхьитху щагуэшар: Бурджитрэ (Сэлихьейхэр) Бахъритрэ жиIэу. Сэлихьейхэм сулътIаныр уардэунэм и кIуэцIым щахъумэрт, икIи адыгэ защIэт, етIуанэм хэтхэм я ныкъуэр тыркут, ас-Сэлихь и бжэIутт.

Ас-Сэлихь дунейм ехыжа нэужь, абы и къуэ МуIэзэм Туран-шахым тетыгъуэр къыхуэна щхьэкIэ, и къалэнхэм пэлъэщыртэкъым, къэралыр щыхупIэм зэрыщхьэщигъэувэнур наIуэти, мамлюкхэм сулътIаныр трахури, езыхэм ящыщ бахърит дзэзешэ Айбэч (1250 - 1257 гъэхэм тетащ) трагъэуващ. Абдеж щыщIедзэ тырку мамлюкхэм я бахърит лIакъуэм и тетыгъуэм. Пащтыхьыгъуэр адэм къуэм зэрырит хабзэр кIуэдыжащ икIи къарукIэ, лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ адрейхэм ефIэкI эмирым тетыгъуэр къылъысурэ екIуэкIащ.

А зэманым щыщIидзэри, илъэси 130-м къриубыдэу Мысырым и унафэщIу мамлюк 28-рэ тетащ, япэу тетыгъуэр зыубыдар тыркуу щытами, абыхэм я нэхъыбэр адыгэт. Сыт хуэдиз зэфIэкI бахърит мамлюкхэм ямыIами, ахэр адыгэ мамлюкхэм зэи къапэщIэувакъым.

Бахъритхэр илъэси 130-кIэ Мысырым тета нэужь, бурджитхэм я чэзур къэсащ икIи абыхэм 1517 гъэ пщIондэ (уэсмэн сулътIан Селим Езанэм зэхикъутэху) къэралыр зэрахьащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, бурджитхэр къызытехъукIыжар 1382 гъэм бжьыпэр зыубыда адыгэ мамлюк Бэркъукъущ. Мысырым цIыху мелуани 5 щыпсэурт. Абыхэм ящыщу цIыху мини 100-р - адыгэт. Къаугъэ къэхъеймэ, адыгэ мамлюкхэм хэплъыхьауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэщIэузэдауэ зауэлI мин 12 къагъэувыну апхуэдэ зэфIэкI ябгъэдэлът.

Бэркъукъу бжьыпэр иубыда нэужь, бахърит мамлюкхэр я къулыкъухэм тригъэкIуэтурэ, адыгэхэр эмир ищIу, и лъэпкъэгъухэр дригъэкIуэтейуэ хуежьащ. 1395 гъэм ирихьэлIэу адыгэ мамлюкхэм Мысырыр зэрыщыту яубыдат икIи къыкIэлъыкIуэ илъэси 135-м ахэр къэгъуэгурыкIуащ тетыгъуэр зэIэпахыу.

**Мысырым тета адыгэ мамлюкхэр:**

- Бэркъукъу аз-Захьир Сэфудин (1382 - 1389, 1390-1399)
- Фэрадж ан-Насир (1399 - 1412)
- Шеихъ ал-МуIэед Сэфудин (1412 - 1421)
- Мухьэмэд I ас-Сэлихь Насруддин (1421 - 1422)
- Барасбей ал-Ашрэф Сэфудин (1422 - 1438)
- Исуф ал-Азиз Джамалуддин (1438)
- Джэкъмакъ аз-Зэхьир Сэфудин (1438 - 1453)
- Уэсмэн ал-Мансур Фахъруддин (1453)
- Инал ал-Ашрэф Сэфудин (1453 - 1461)
- Ахьмэд II ал-МуIэед Шихьэбуддин (1461)
- Хъущкъуэдэм аз-Захир Сэфудин (1461 - 1467)
- Былбей аз-Захир Сэфудин (1467 - 1468)
- Ашрэф Сэфудин Къеит-бей (1468 - 1496)
- Мухьэмэд II ан-Насир (1496 - 1498)
- Къансыхъу аз-Зэхьир (1498 - 1500)
- Джэмболэт ал-Ашрэф (1500 - 1501)
- Тумэн-бей I Адыл (1501)
- Къанщауэ Гъур (1501 - 1516)
- Тумэн-бей Ашрэф (1516 - 1517)

Мамлюк сулътIанхэр муслъымэнхэм, тетыгъуэр щIэину зылъысахэм, апщIондэху Мысырым ицIыхуа унафэщIхэм хуэдэтэкъым. Адыгэ мамлюкхэр псом япэ зауэлIт, итIанэт щысулътIаныр, щыполитикыр, щыIэтащхьэр. Ахэр къызэрыгуэкI зауэлIхэм ябгъурыту монголхэм, туменхэм, чыристанхэм езауэрт, сапэкIэ зыгуэрым зэхэуэр зэкIэщIигъэкIуэтамэ - ар адыгэ сулътIант, и гъащIэ щымысхьыжу, и тетыгъуэм щIэмыбэгыу, и щIыхьыр япэ иригъэщу апхуэдэт. Ауэ лIыгъэр япэ изыгъэщ мамлюкхэм политикэм зыри хамыщIыкIыу къикIыртэкъым - щIэныгъэмрэ ухуэныгъэмрэ елэжьырт, мы унэтIыныгъэхэм зрагъэужьын папщIэ, абыхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIырт.

Адыгэ мамлюкхэм къахэкIа сулътIанхэм я тетыгъуэращ Мысырыр къыщыщIэрэщIар, зыщиужьар. Каир къалэр сату IуэхущIапIэ и закъуэ мыхъуу, муслъымэн дунейм и щэнхабзэ екIуэлIапIэ нэхъыщхьэу щытащ. А зэман жыжьэм адыгэ сулътIанхэм ирагъэщIа мэжджытхэр нобэр къыздэсым щытщ, ислъам архитектурэм и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу къалъытэу.

1501 гъэм сулътIан мэхъу илъэс 60 зи ныбжь Къанщауэ Гъур. А зэманым ирихьэлIэу Мысырыр тхьэмыщкIэ хъуат, зауэ зыбжанэ ишэчат. Арами, зэфIэкIышхуэ зиIэ цIыхум хэкум зэIумыбзу илъа Iуэхухэр пIалъэ кIэщIкIэ лъэныкъуэ ирегъэз, Мысырым и финанс щытыкIэр ирегъэфIакIуэ. Унафэ ищIу къэралым зэрытета илъэс 15-м къриубыдэу, Къанщауэ Гъур Каир кIэнауэ куэд къыщригъэтIащ, еджапIэ-мэжджытрэ школрэ щригъэухуащ. Адыгэ тхьэмадэм и щIыхькIэ школым «ал-Гъури» фIащ. Къищынэмыщlауэ, Къанщауэ Гъур тхылъ еджапIэ хьэлэмэт ар-Рамилэ деж щрегъэщI, щхьэл зыбжанэ Каир къыщызэIуех. Къыхэгъэщыпхъэщ, адыгэ Хэкум икIыу ар Мысырым щыкIуам балигъ хъуауэ зэрыщытар, абы къыхэкIыу и адыгэцIэр зэримыхъуэжар.

1516 гъэм Уэсмэн къэралыгъуэм Мысырым зауэ кърещIылIэ. Езы сулътIаныр я пашэу мысырыдзэм СириемкIэ еунэтI, тырку зэрыпхъуакIуэхэм яхуэкIуэу. 1516 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м Мэрдж-Дэбикъ деж зауэшхуэ щаублэ абыхэм. Тыркухэр адыгэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэт, топкIэ зэщIэузэдат. Абы къыхэкIыу адыгэ мамлюкхэр къызэтраукIэ, Къанщауэ Гъури зауэм хокIуадэ.

1517 гъэм щIышылэм и 22-м тырку сулътIан Сэлим Шынагъуэр Мысырым тоуэ, мазэ бжыгъэкIэ тетыгъуэр зезыхьа адыгэ мамлюк сулътIан Тумэн-бей еукIри, Мысырри Сириери Тыркум и блыгу щIохуэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Мысырым и щхьэхуитыныгъэр трахами, уэсмэнлыхэм езы мамлюкхэр дунейм зэрытрамыхужыфар - абыхэм къэралым щаIэ пщIэр иджыри илъэс 297-кIэ яIыгъащ.

Адыгэ мамлюкхэм я етIуанэ тетыгъуэм теухуауэ тхыгъэ куэд къыхэнэжащ тхыдэм. Псалъэм папщIэ, уэсмэн зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ ирагъэкIуэкIа зэщIэхъееныгъэм и унафэм щIэту щыта адыгэ пэщэ Алий-бэч (1728-1772) илъэс 22-рэ щыхъуам Мысырым и мухьэфэзхэм ящыщ зым и унафэщIт. Мамлюкхэмрэ франджыхэмрэ 1798 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м Нил адэкIэ, Эмбабэ деж, Джэзирэ пэмыжыжьэу щызэзэуащ. А зауэр зи нэкIэ зылъэгъуа, адыгэхэм къахэкIа тхыдэдж Абдел-Рэхьман аль-Джэбэрти и тхылъым щыжеIэ адыгэхэр шыщхьэмыгъазэу Наполеон и дзэм зэребгъэрыкIуар. 1801 гъэм франджыхэм Мысырыр ябгына нэужь, абыхэм я пIэ къиува инджылызхэр хущIэкъурт лIыхъужьыгъэрэ цIыхугъэрэ зыдалъагъу адыгэ мамлюкхэм бжьыпэр ирагъэубыдыжыну. АрщхьэкIэ, Мысырым и тет хъуа, Албанием щыщ Мухьэмэд Алий мурад ищIащ инджылызхэри адыгэ мамлюкхэри гъэпцIагъэкIэ игъэкIуэдыну. Апхуэдэу, Мухьэмэд Алий и унафэкIэ инджылыз зауэлI 450-м я щхьэхэр бжэгъум фIаIури, Каир уэрамыщхьэхэм къытрагъэуват. КъыкIэлъыкIуэу, мамлюкхэм къарукIэ зэрапэмылъэщынур къыгуроIуэри, сулътIаным мурад ещI адыгэхэр хьилагъэкIэ зэтриукIэну. ФIыуэ илъагъу и къуэ Турсун-пэщэр Хъиджаз зэрыкIуэм и щIыхькIэ гуфIэгъуэ ефэ-ешхэ ищIу игъэIури, 1811 гъэм гъатхэпэм и 1-м адыгэ зауэлI 500 кърегъэблагъэ. Абы и пэ къихуэу Мухьэмэд Алий зыпхигъэIукIат мамлюкхэм дахэкIэ ягурыIуэну зэримурадыр, зэбиныгъэм кIэ ирагъэгъуэтмэ зэрынэхъыфIыр. Ефэ-ешхэр зэфIэкIауэ, хьэщIэхэр дэкIыпIэ зэвым дэту чэщанэм къыдэкIыжырти, гъущI куэбжэ хьэлъэхэр я гупэмкIэ щызэхуащI, блын лъагитIым я зэхуаку бэнзэвым къыдонэри, лъагапIэм къытес Iэрнэутхэр къеухыурэ, адыгэ мамлюк 500-м щыщу зы закъуэ фIэкIа къэмынэу, къызэтраукIэ.

А нэщхъеягъуэр дуней псом хъыбарышхуэу ирикIуэри, сурэтыщIхэм къагъэлъэгъуэжу, пащтыхьхэр зыщышынэу щыта адыгэ зауэлI хахуэхэм кIуэдыжыкIэ Iей къазэрылъысар ягъэщIагъуэу яIуэтэжу щытащ. Наполеон Мысырым къытемыуэ щIыкIэ а къэралыгъуэм адыгэ мамлюкыу мин 40 исащ. «Адыгэ мамлюк мини 10 сиIатэмэ, дуней псор къэзззэуат!», - жиIауэ щытащ абы щыгъуэ Наполеон.

Адыгэ мамлюкхэр я Хэкужьым пэIэщIэу илъэсищэ бжыгъэкIэ псэуами, я адыгэ напэр, цIэр, щIыхьыр ямыгъэпуду, ямыгъэулъийуэ, я лъым хэт лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ дахэу ягъэлъагъуу дунейм тетащ.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*


Къанщауэ Гъур


Алий-бэч ал-Кабир


ЩIэныгъэлI, тхакIуэ ал-Хьэнэфий


ЩIэныгъэлI ал-Макъдиси


Къеит-бей сулътIаным и мавзолейр

● Хъуэхъу

***Бахъсэн къалэ щыпсэу Уэрдокъуэ Ланэ Руслан и пхъур къыщалъхуа махуэщ, нобэ илъэси 10 ирокъури дохъуэхъу***



Дунейр зи щIэщыгъуэ ди пщащэ гъэфIэн Ланэ, уи уафэр къащхъуэрэ уи щIылъэр щхъуантIэу, Iуащхьэмахуэ мылылъэ уардэм хуэдэу уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, Мэлычыпхъу и щIэблэу уIущу, уи щэнымрэ акъылымрэ санахуафэр хуаIэту, уи нэхъыжьхэр, уи адэ-анэмрэ къыбдалъхуахэмрэ уэркIэ гушхуэу, щIэныгъэрэ IэщIагъэкIэ уцIэрыIуэу, гъащIэ дахэрэ насып инкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщ ухъуну дынохъуэхъу.

*Уэрдокъуэхэ, уи Iыхьлыхэмрэ уи благъэхэмрэ.*

● Университет хъыбархэр

# Футбол щыджэгуну губгъуэщIэ къыщызэIуах

**Бэрбэч ХьэтIуIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу абы къыщызэIуахащ футбол цIыкIу щыджэгуну губгъуэщIэ.**



А IУЭХУ гуапэм зыкърагъэхьэлIат КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий, Олимп чемпионхэу - КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Муратрэ спортымкIэ министр Хъущт Аслъэнбэчрэ, еджапIэ нэхъыщхьэм и проректорхэу Къумыкъу Iэуесрэ Къущхьэ Хъусенрэ, егъэджакIуэхэм, университетым и 34-нэ студент спартакиадэм хэтахэм.

Университетым и ректорым къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ КъБКъУ-м футболымкIэ и командэ къыхэхам къигъэлъагъуэ зэфIэкIхэм зэрыщыгуфIыкIыр икIи спортсменхэм дяпэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр къахьыну ехъуэхъуащ. «ИкъукIэ узыщыгуфIыкIын Iуэхущ университетым спортым дихьэх щIалэгъуалэ куэд зэрыщIэсыр», - къыхигъэщащ абы.

Футболистхэм саугъэтыфIкIэ зэрахуэупсам папщIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ Къардэн Мурат. «Универсиадэхэм хэтынухэр ехъулIэныгъэщIэхэм тезыгъэгушхуэщ мыпхуэдэ гулъытэр», - жиIащ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм.

Псалъэ къыщратым, Хъущт Аслъэнбэч жиIащ футбол джэгупIэ губгъуэщIэ зыхуащIа студентхэм я спорт ехъулIэныгъэхэр нэхъри ягъэбэгъуэну уащыгугъ зэрыхъунур.

ГубгъуэщIэр къызэIуаха нэужь ягъэпажащ 2017 гъэм екIуэкIа спартакиадэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ.

Дауи, джэгупIэ губгъуэщIэр зыхуэдэр зрамыгъащIэу, абы щымыджэгуу зэбгрыкIыжакъым щIалэгъуалэр. КъБКъУ-м и командэ къыхэхар ядэджэгуащ университетым нэгъуэщI къэрал къикIауэ щеджэ студентхэм я гуп къыхэхам. Абдежым топым япэу еуэну Iэмал иратащ КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий. ЗэIущIэм и судьяуэ щытащ КъБКъУ-м футболышхуэмкIэ и командэ къыхэхам и тренер Хьэнцэ Аслъэнбэчрэ футбол цIыкIумкIэ командэм и тренер Тимофеев Дмитрийрэ.

Зэпеуэм 5:4-уэ щытекIуащ КъБКъУ-м и командэ къыхэхар.

*КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Хъыбар гуапэ

# Шэрыб Астемыр и текIуэныгъэ

**Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м мониторингымкIэ и центрымрэ шынагъуэншагъэмкIэ и управленэмрэ я диспетчер Шэрыб Астемыр щытекIуащ мас-рестлингымкIэ Урысейпсо зэпеуэм. Ар и ныкъуэкъуэгъухэм 6:0-у ятекIуащ. Спортсменыр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Тубей Имранрэ Токаревэ Натальерэ.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ мас-рестлингымкIэ я Урысейпсо зэпеуэр жэпуэгъуэм и 6 - 9-хэм Налшык щекIуэкIащ. Илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 23-м нэс зи ныбжь спортсменищэм нэблагъэ хэтащ абы, Москва къалэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Чувашие, Саха (Якутие), Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Калугэ областым, Ставрополь крайм щыщу.

А спорт лIэужьыгъуэм и «хэкур» Якутиерщ икIи абы цIыкIуи ини, цIыхубзи цIыхухъуи - зэхэдз имыIэу дехьэх. КIапсэкIэ, бжыкIэ зэпекъун спорт лIэужьыгъуэм ди республикэм зыщыхуагъасэу зэрыхуежьэрэ куэд щIакъым. Апхуэдэу щытми, республикэм мас-рестлингымкIэ и федерацэм и президент, къэралым и командэ къыхэхам хэт щIалэхэм я тренер Гъубж БетIал я пашэу, КъБР-м и спортсменхэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэну хунэсащ. Мы зэпеуэми КъБР-м щыщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ фIы ды-дэу зыкъыщагъэлъэгъуащ, ди командэ къыхэхам дыщэ медалу плIы, дыжьыну щы, жэзу хы къыхуахьри.

Мы зэпеуэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, къэралым и ныбжьыщIэхэм я командэ къыхэхар щIэуэ зэхагъэувэнущ, Урысейм и щIыхьыр дунейпсо зэхьэзэхуэхэми щаIэтын хуэдэу.

КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэр Шэрыб Астемыр йохъуэхъу дыщэ медаль къызэрихьамкIэ икIи ехъулIэныгъэщIэхэри абы къыкIэлъыкIуэну я гуапэщ.

**СОЛГАЛОВЭ Наталье,**
*КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ.*




*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур жэпуэгъуэм и 21-рщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр: ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылэсэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элдэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхыр (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIыр редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревательхэм - 42-22-89; хабзэхэмрэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэкIэкIуэнымкIэ - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъэхьэзырахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыщдахэм яхуэхъумэным и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Залинэ, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тетплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариннэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1320